

COVID-19: Direktiv Jeneral pou Netwaye ak Dezenfekte Anviwònman ki pa Anviwònman Sante yo

Dokiman sa a ofri direktiv pou netwaye ak dezenfekte anviwònman ki pa anviwònman sante yo, tankou bilding komèsyal ak rezidansyèl yo, etablisman travay ak magazen yo, pou ede anpeche pwopagasyon COVID-19. Pou w jwenn enfòmasyon an detay sou etablisman ki sèvi manje yo, gade nan "[Reopening New York City Checklist for Restaurants and Outdoor Dining](#)" (Reyouvri Vil New York: Lis Verifikasyon pou Restoran ak Chita Deyò pou Manje). Pou plis direktiv sou reyouvèti Vil New York, vizite "[COVID-19: RESTART Guidance for Businesses](#)" (REKÒMANSE Direktiv pou Biznis yo).

Eta New York (NYS) egzije pou yo netwaye ak dezenfekte regilyèman omwen chak jou, epi netwaye ak dezenfekte espas ki gen plis risk moun itilize anpil yo pi souvan, tankou objè kolektif yo, sifas moun manyen souvan yo ak espas kote anpil moun pase souvan (pa egzanp, twalèt yo ak espas kolektif yo). Yo egzije pou biznis yo kenbe yon jounal netwayaj sou plas ki dokimante dat, lè, ak anplè netwayaj ak dezenfeksyon an. Gade nan [modèl jounal](#) Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (New York City Department of Health and Mental Hygiene) pou ede w satisfè egzijans Eta New York yo.

Mezi sekirite pou anplwaye k ap fè netwayaj yo

- Mande anplwaye pou yo rete lakay yo si yo malad.
- Mete yon plan sekirite an plas pou pwoteje anplwaye k ap itilize pwodui chimik pou fè netwayaj yo.
- Bay anplwaye k ap fè netwayaj yo ekipman pwoteksyon apwopriye.
- Bay anplwaye yo fòmasyon sou fason pou yo itilize pwodwi netwayaj ak dezenfektan yo annakò ak enstriksyon ki sou etikèt la.
- Raple anplwaye yo pou yo lave men yo avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn.
- Raple anplwaye yo pou yo evite manyen zye yo, nen yo ak bouch yo avèk men yo san lave.
- Raple anplwaye yo pou yo rete omwen nan distans 6 pye youn ak lòt moun, nenpòt lè sa posib.
- Bay anplwaye ki konn an kontak dirèk ak lòt moun yo kachnen gratis.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite paj "[Occupational Safety and Health Administration](#)" (Administrasyon Sante ak Sekirite Okipasyonèl) lapou kontwòl ak prevansyon COVID-19.

Rekòmandasyon pou netwayaj ak dezenfeksyon woutin

- **Li etikèt pwodui a epi pran pekasyon yo kòm sadwa.**
 - Lè w ap itilize pwodwi netwayaj ak dezenfektan yo, toujou li etikèt pwodui a epi swiv enstriksyon fabrikan an yo.
 - Mete gan oswa lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl ki apwopriye jan enstriksyon yo mande nan etikèt pwodui a. Jete gan yo apre chak fwa w fin netwaye, epi lave men

ou avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn (itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl si savon ak dlo pa disponib).

- **Konsantre netwayaj ak dezenfeksyon an sou sifas kolektif yo ak kote moun manyen anpil yo**
 - Sifas ak objè moun manyen anpil yo ka varye selon lokalite a. Egzanp yo gen ladan pwanyè pòt yo, entèripte yo, sipò mach eskalye yo, aparèy kizin yo, kontwa yo, manch tiwa yo, tab yo, evye yo, wobinè yo ak pwanyè twalèt yo, distribitè dlo yo, bouton asansè yo, plak pou pouse ak rale pòt yo, telefòn yo, kle yo ak rimòt kontwòl yo.
 - Lè w ap netwaye bilding rezidansyèl yo, prete atansyon a sifas moun manyen anpil yo ak objè ki kote moun pase souvan yo oswa espas kolektif yo, tankou pwanyè pòt yo, sipò mach eskalye yo, bouton asansè yo, entèripte yo, biwo resepsyon yo, pòt trap yo, plak pou pouse ak rale pòt yo, bwat postal yo ak ekipman pou sal lesiv yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/health/coronavirus epi chache pou "**Residential Building FAQ**" (Kesyon yo Konn Poze Souvan pou Bilding Rezidansyèl yo) anba pajwèb Direktiv pou Biznis yo.
 - Lè w ap netwaye espas travay yo, biwo bwat ak lò espas biwo yo, asire w dezenfekte sifas ak objè moun manyen souvan yo, tankou biwo yo, chèz yo, telefòn yo, enprimant yo, klavye yo ak souri òdinatè yo.
 - Netwaye twalèt yo ak lòt espas kolektif yo souvan.
 - Lè w ap netwaye veyikil yo, prete atansyon espesyal ak sifas ak objè pasaje yo manyen souvan yo, tankou manch pòt yo, bouton fènèt yo, lòk yo, machin peman yo, kote yo depoze bra yo, kousen chèz yo, bouk yo ak senti sekirite yo. Epitou siye sifas chofè yo manyen souvan yo, tankou volan, bouton radyo yo, endikatè siyal pou vire yo ak espas pou kenbe gode yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/health/coronavirus epi chache pou "**Guidance for Vehicle Operators**" (Enstriksyon Jeneral pou Operatè Veyikil yo) anba pajwèb Direktiv pou Biznis yo.
 - Lè w ap netwaye etablisman ki sèvi manje yo, prete atansyon espesyal a kès yo, ak kontwa manje, chakitri ak kès sòti yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/health/coronavirus epi chache pou "**Checklist for Restaurants**" (Lis Verifikasyon pou Restoran yo) anba pajwèb Direktiv pou Biznis yo.
- **Netwaye avan, apres a dezenfekte.**
 - Netwaye sifas yo avèk savon ak dlo (oswa on pwodui netwayan) avan pou w retire salte ak kras vizib yo. Dezenfektan yo pi efikas sou sifas ak objè ki pwòp yo.
 - Pou objè ki di oswa ki pa pèmeyab yo (pa egzanp tab yo, biwo yo, atè yo, pwanyè pòt yo ak telefòn yo), itilize yon dezenfektan ki efikas kont virs ki lakoz COVID-19 la tankou klowòks, pewoksid oswa yon pwodui abaz alkòl. Pou yon lis dezenfektan Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman la (EPA, Environmental Protection Agency) apwouve kòm efikas kont viris ki lakoz COVID-19 la, vizite cfpub.epa.gov/giwiz/disinfectants/index.cfm.
 - Si w ap dezenfekte ak yon solisyon klowòks dilye, swiv enstriksyon ki sou etikèt la yo pou fason pou w itilize l epi asire w espas ozalantou yo byen

ayere kòm sadwa. Tcheke dat ekspirasyon pwodui a. Ajoute 4 kiyè a te klowòks nan 1 ka oswa 1 lit dlo. Prepare yon nouvo solisyon chak jou oswa jan sa nesesè. **Pa janm melanje klowòks ak amonya oswa nenpòt lòt netwayan.**

- Si w ap dezenfekte ak yon solisyon ki 70% alkòl, byen siye sifas la oswa objè a avèk solisyon an epi kite l sèch.
- Nan anviwònman ki sèvi manje yo, asire w itilize dezenfektan ki ka netwaye sifas yo ak ekipman ki an kontak ak manje yo san danje.
- Pou rad, sèvyèt debeny, dra yo ak lòt atik yo ki konn ale nan lesiv yo, lave nan paramèt tanperati ki pi cho a avèk savon likid abityèl ou epi apresya kite yo sèch nèt. Pa "kole sou kò" oswa sekwe rad sal avan w lave yo pou evite pwopagasyon viris la oswa lòt salte ak bakteri. Yo ka lave lesiv yon moun ki malad ak rad lòd moun.
- Pou lòt atik mou yo (pa egzanz rido, kanape tapise ak kapèt yo), swiv enstriksyon fabrikan an yo oswa itilize yon pwodui netwayan ki fèt presizeman pou atik sa a. Pa egzanz, itilize yon netwayè a vapè oswa aplike pwodui dezenfektan apwopriye sou twal yo, annakò ak [lis dezenfektan Eta New York la](#).
- Yo dwe lave tèt mòp yo, moso twal yo ak lòt zouti yo itilize pou fè netwayaj yo avèk savon ak dlo, epi dezenfekte yo ak yon dezenfektan EPA apwouve oswa yon solisyon klowòks epi kite yo sèch avan w itilize yo ankò. Yo dwe itilize yon nouvo mòp oswa moso twal oswa youn yo te lave ak dezenfekte pou netwaye ak dezenfekte chak espas. Itilize tèt mòp oswa moso twal jetab yo ka itilize yon sèl fwa, kòm altènatif.

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

6.26.20